



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRE LANMÒ NAN KONTE SUFFOLK KI GEN RAPÒ AK BAKTERI RA VIBRIO VULNFICUS LA, GOUVÈNÈ HOCHUL AP METE NOUYÒKÈ YO AJOU SOU PREKOSYON SANTE PIBLIK YO AK EFÒ PREPARASYON KI ANKOU YO**

***Depatman Sante Eta New York te pibliye enstriksyon pou founisè yo sou pi bon pratik pou trete ak idantifye ka yo***

***Yo te idantifye bakteri Vibrio Vulnificus, ki lakòz blesi nan po ak ilsè, nan yon moun ki te mouri tou dènyèman nan Konte Suffolk***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te idantifye vibriyo la, yon enfeksyon bakteri mòtèl ki lakòz blesi nan po ak ilsè, nan yon moun ki te mouri tou dènyèman nan Konte Suffolk. Yo te idantifye tou ka mòtèl vibriyo nan Connecticut. Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo aprann kijan pou yo evite ekspozisyon epi pou yo pran prekosyon ki apwopriye yo, paske Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te raple founisè yo pou yo konsidere vibriyo lè y ap fè dyagnostik enfeksyon blesi oswa septisemi ki gen orijin enkonni.

"Pandan ke yo ra, bakteri vibrio a malerezman te rive nan rejyon sa a epi yo ka ekstraòdinèman danjere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap envestige pi plis, li enpòtan pou tout Nouyòkè yo rete vijilan epi pran prekosyon responsab pou kenbe tèt yo ak moun yo renmen an sekirite, tankou pwoteje blesi ki ouvri yo kont dlo lanmè ak pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb, pou yo evite kristase kri oswa ki pa byen kwit ki ka pote bakteri yo".

Vibriyo la koze pa plizyè espès bakteri, ki gen ladan bakteri vibrio vulnificus, ki fèt natirèlman nan anviwònman lanmè dlo sale epi yo ka jwenn li nan pi gwo konsantrasyon soti nan me rive oktòb lè tan an pi cho. Enfeksyon avèk vibriyo ka lakòz yon seri sentòm lè yo enjere l, tankou dyare, kranp nan vant, vomisman, lafyèv ak frison. Ekspozisyon ka lakòz tou enfeksyon nan zòrèy epi lakòz septisemi ak enfeksyon blesi ki menase lavi.

Yo toujou ap envestige lanmò nan Konte Suffolk pou detèmine si yo te jwenn bakteri a nan dlo New York oswa yon lòt kote. Antretan, Depatman Sante Eta New York semèn sa a te raple founisè swen sante yo pou yo konsidere vibrio vulnificus lè yo wè moun ki gen enfeksyon blesi grav oswa septisemi avèk oswa san enfeksyon blesi.

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Nou ap raple founisè yo pou yo veye ka vibriyoz, ki pa souvan premye dyagnostik ki vin nan tèt nou. N ap sijere Nouyòkè yo tou si yo gen blesi, pou yo evite naje nan dlo lanmè cho. Epi, si yo gen yon sistèm iminitè ki fèb, pou yo evite tou manyen oswa manje fwidmè kri ki ta ka pote bakteri a tou".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Pandan nou kontinye mennen ankèt sou sous enfeksyon ki ra sa a, li enpòtan pou rezidan yo rete okouran ak vijilan sou prekosyon yo ka pran. Kòm toujou, si nenpòt rezidan gen pwoblèm sante nou ankouraje yo kontakte founisè swen sante yo".

Pandan ke nenpòt moun ka pran vibriyoz, moun ki gen maladi fwa, kansè oswa yon sistèm iminitè febli oswa moun ki pran medikaman pou diminye nivo asid nan lestomak yo ka gen plis chans pou yo pran yon enfeksyon oswa devlope konplikasyon lè yo enfekte.

Pou ede anpeche vibriyoz, moun ki gen yon blesi, tankou yon fann oswa grate, yon pèse oswa tatouwaj ki resan, ta dwe evite ekspozè po a nan dlo lanmè cho nan anviwònman kotyè oswa kouvri blesi a ak yon bandaj ki enpèmeyab. Anplis de sa, moun ki gen sistèm iminitè ki fèb yo ta dwe evite manje kristase kri oswa ki pa byen kwit, tankou zuit, ki ka pote bakteri yo. Mete gan lè w ap manyen kristase kri epi lave men w byen avèk dlo ak savon lè w fini.

N ap jwenn plis enfòmasyon sou vibriyoz la isit la (<https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/vibriosis/index.htm>).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418